



Pou Piblikasyon Imedya: 14/02/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL LANSE INISYATIV LIDÈ NASYONAL POU OFRI KONJE PARANTAL KI KONPLÈTMAN PEYE POU ANPLWAYE ETA NEW YORK YO**

***Plis pase 10 000 anplwaye Eta New York ki defavorize yo elijib pou resevwa 12 semèn konje parantal ki konplètman peye***

***Bilten politik Gouvènè a disponib [isit la](#)***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon inisyativ lidè nasyonal pou ofri avantaj konje parantal ki konplètman peye pou anplwaye Eta New York yo. Gouvènè a te anonse nan yon bilten politik ke plis pase 10,000 anplwaye Eta ki defavorize pral elijib pou resevwa 12 semèn konje ki konplètman peye pou itilize pou lyezon ak yon timoun ki fèk fèt, yon timoun adoptif oswa adopsyon. Majorite anplwaye yo pral kapab pran konje apati jodi a.

"Nouyòkè ki devwe yo k ap fè eta nou an bouje pa ta dwe oblije chwazi ant yon chèk ak pran swen pitit yo, epi politik sa a pral etabli Eta New York kòm yon modèl pou ede fanmi k ap travay yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Administrasyon mwen an pran angajman pou bay fonksyonè piblik nou yo sipò yo bezwen paske li non sèlman bon pou fanmi yo, li se yon bon politik."

Malgre benefis pozitif byen dokimante konje paran peye pou sante matènèl ak tibebe, ansanm ak sekirite ekonomik fanmi ak retansyon mendèv, Etazini se sèl peyi devlope nan mond lan san yon politik nasyonal konje parantal peye. Nouvo paran ak moun k ap bay swen yo depann de divès kalite politik konje federal, eta ak lokal, anplis de nenpòt avantaj patwon yo sipòte yo.

Gouvènè Hochul premyèman [te anonse](#) inisyativ sa a kòm yon pati nan diskou sou sitiyo Eta 2023 li a. Biwo Relasyon Anplwaye (Office of Employee Relations, OER) ak Depatman Sèvis Sivil la (Department of Civil Service) la depi lè sa te travay pou etabli pwogram nan epi rann li disponib pou travayè Eta ki defavorize yo. Dapre politik yo pibliye jodi a, tout anplwaye branch egzekitif ki pa reprezante ase yo ki travay apentan oswa ki travay omwen 50 pousan nan tan pasyèl kalifye pou benefis sa a, ak kalifikasyon yo k ap kòmanse nan premye jou sèvis la OER la pral angaje sendika Eta yo pou pwolonje avantaj sa a bay anplwaye pa yo atravè negosyasyon kolektif.

**Michael Volforte, Direktè Biwo Relasyon Anplwaye a, te deklare,** "Konje parantal ki peye pral fè yon diferans enpòtan pou fanmi k ap travay yo nan ede paran yo pran swen pitit yo san yo pa pè pèdi yon chèk. Nan kad lidèchip Gouvènè Hochul, mwen espere travay ak patnè sendikal nou yo pou nou pwolonje konje paran ki konplètman peye nan mendèv Eta New York la."

**Komisè Fonksyon Piblik Eta New York la (New York State Department of Civil Service), Timothy R. Hagues, te deklare,** "Ofri konje parantal peye pou mendèv Eta New York la pral vrèman ede fonksyonè piblik nou yo k ap travay di pou alimante pitit yo epi ankouraje lyen familyal solid. Sa a se jis youn nan anpil aksyon Gouvènè Hochul ap pran pou ede ranfòse ak sipòte mendèv piblik devwe Eta New York la, epi Depatman Sèvis Sivil la kontan avanse vizyon Gouvènè a."

New York ap mennen depi lontan nan avantaj konje parantal ak familyal, li te adopte lwa Konje Familyal Peye (Paid Family Leave, PFL) nan tout eta a an 2016. An 2021, Gouvènè Hochul te siyen [lejislasyon](#) ki elaji lwa a pou enkli pran swen yon frè ak sè ki malad grav.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418